



Pou Biblikasyon Imedya: 27/1/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL AK MAJISTRA ADAMS ANONSE PWOGRÈ SINIFIKATIF NAN KAD AK INISYATIV SEKIRITE PIBLIK NAN METWO AK TRANSPÒ PIBLIK LA

*Gwo krim nan metwo yo bese nan 16 poustan depi [Inisyativ Polisye, Kamera ak Swen an](#) ki te anonse nan mwa oktòb la, konpare ak menm peryòd la nan ane anvan an*

*To krim nan tren yo retounen nan nivo anvan pandemi an*

*Dezyèm nivo krim nan transpò piblik ki pi ba nan nenpòt janvye depi 1993*

*650 Nouyòkè ki pa loje konekte ak sèvis entèvansyon enpòtan yo*

Gouvènè Kathy Hochul ak Majistra Eric Adams jodi a te anonse nouvo done ki montre pwogrè enpòtan nan kad inisyativ sekirite piblik nan tren ak transpò piblik yo te prezante ane pase a. [Oktòb pase a, Gouvènè a ak Majistra](#) te anonse ke NYPD ak MTAPD ta ogmante prezans ofisye yo sou platfòm yo pandan y ap ogmante kapasite Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta New York la pou sipòte moun ki pa loje yo ki abrite yo nan sistèm tren an ak sila yo k ap soufri ak maladi mantal grav yo. Anplis de sa, Gouvènè Hochul te anonse ke ekip ki te deplwaye apre oktòb 2022 te ede plis pase 650 Nouyòkè ki gen gwo bezwen konekte ak sèvis entèvansyon enpòtan yo.

"Priyorate nimewo en mwen kòm Gouvènè se kenbe Nouyòkè yo an sekirite, kit nan lari, nan kay yo, nan lekòl yo, oswa nan metwo a, epi n ap fè tout sa ki nesesè pou rann metwo nou yo vin pi an sekirite pou pasaje yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Inisyativ Polisye, Kamera, ak Swen nou an te reprimande kont krim nan tren an, te ede moun ki nan bezwen yo, epi li kontinye re-atire pasaje yo nan sistèm tren an. Nou te travay kole ak Majistra a ak NYPD epi nou ap kontinye fè tou sa ki nesesè bezwen pou rann Nouyòkè yo an sekirite nan metwo a."

**Majistra Vil New York, Eric Adams, te deklare,** "Sa gen yon ane, Gouvènè Hochul ak mwen te kanpe nan metwo yo ak yon plan reyèl pou asire ke moun yo te an sekirite epi yo santi yo an sekirite nan metwo nou yo. Kounye a, krim yo ap bese, kantite pasajè yo ap ogmante, epi Nouyòkè yo santi yo gen konfyans nan sistèm pa yo a. Nou

gen anpil wout pou pakouri, men sa a se patenarya nou bezwen pou amelyore sistèm tren an ki se eleman vital vil nou an, epi n ap kontinye avanse nan bon direksyon an."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA a, Janno Lieber te deklare**, "Kantite pasajè nan mwa sa a ogmante a 35 poustan pa rapò ak ane pase, alòske krim yo diminye nan 28 poustan. Sa yo se vrè mezi pozitif, men nou p ap retize pye nou sou akseleratè a talè konsa. Mwen konnen Gouvènè Hochul ak Majistra Adams la alontèm pou byennèt pasaje yo ak tout Nouyòkè yo."

**Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta New York, te deklare**, "Nou te fè gwo pwogrè nan bay sipò ak sèvis pou moun k ap viv ak maladi mantal yon epi k ap fas ak sitiyasyon sanzabri nan NYC. Plis pase 650 moun te angaje nan sèvis pa ekip Sipò Opsyon Sekirite (Safe Options Support, SOS) nou yo epi yo ap resevwa èd yo bezwen pou tranzisyone nan lojman ki pi pèmanan. Gouvènè Hochul angaje l pou l bay resous ki nesesè pou ede chak Nouyòkè, espesyalman moun ki pi vilnerab yo, jwenn tretman ak sèvis yo bezwen."

### **Diminisyon sinifikatif nan krim metwo yo**

Depi lè yo te lanse inisyativ la nan mwa oktòb pase a, gwo krim nan sistèm tren an besè nan 16 poustan, konpare ak menm peryòd tan pandan ane anvan an. Anplis de sa, to krim nan metwo a ap retounen nan nivo anvan pandemi an. An 2019, to krim yo te 1.5 krim pou chak milyon pasaje. An 2022, to krim yo te 2.3 pou chak milyon pasaje, jiskaprezan an 2023, pouvantaj ajisteman pou pasaje se sèlman 1.7 pou chak milyon pasaje. Asasina nan transpò publik yo te diminye soti nan kat rive nan de. Anplis de sa, janvye sa a te konstate pi ba nivo krim transpò publik konpare ak nenpòt janvye depi 1993, lè done sa yo te premye kolekte. Fiziyad nan transpò publik yo besè nan 14 poustan, e te gen yon diminisyon remakab nan vòl yo, ki besè nan 30 poustan. Arrestasyon an jeneral yo te ogmante 43.4 poustan depi oktòb 2022 epi konvokasyonson Biwo Abitraj Transpò Piblik yo ogmante nan 84.8 poustan.

### **Kliyan ki retounen nan sistèm metwo a**

Nan dat 27 desanm 2022, MTA te anonse ke kantite pasaje yo te depase 1 milia, pandan pasaje yo te kontinye retounen nan metwo a epi jiska oktòb 2022, pasaj nan metwo a te ogmante nan 38.6 poustan nan menm peryòd la an 2021. Sondaj satisfaksyon kliyan MTA te ki te fèt an desanm 2022 te demonstre tou yon ogmantasyon 18 poustan nan pasaje yo santi yo "pi an sekirite" oswa "pi an sekirite davantaj" nan tren yo oswa nan estasyon yo, pi gwo ogmantasyon nan yon sèl mwa yo te wè depi kòmansman sondaj yo nan prentan 2022.

**Moun ki pa loje ki konekte ak entèvansyon enpòtan ak resous sante mantal yo**  
Gouvènè Hochul ap adopte yon apwòch ki gen plizyè aspè pou abòde kriz sante mantal la ak enpak li sou sekirite publik nan Vil New York. Sa gen ladann efò pou elaji swen sinifikatifman yon fason kontinyèl, ofri ankourajman pou ranfòse mendèv swen sante mantal la, epi ensite etablisman swen sante yo retounen ak kabann sikuatrik yo pou pasyan ki entène yo ki pa te fonksyone pandan pandemi COVID-19 la.

Genyen kounye a 10 ekip pwofesyonèl sante mantal ki resevwa fòmasyon espesyal - ke yo rekonèt kòm ekip Sipò pou Opsyon Sekirite - k ap travay avèk abri ijans, founisè sansibilizasyon, etablisman lojman sipò yo nan Vil New York pou fè tranzisyon 3,900 moun yo prevwa k ap viv nan lari oswa nan sistèm metwo a pou yo ale nan anviwònman ki vivab ak estab. Ekip sa yo deja enskri 650 moun nan sèvis Entèvansyon nan Moman Enpòtan yo, yon pratik ki baze sou prèv ki ede konekte moun ki vilnerab yo ak lojman ak sèvis pandan moman difisil yo nan tranzisyon nan lavi pa yo.

Eta a ap bay 10 milyon dola tou pou etabli de inite [Tranzisyon nan direksyon Kay](#) nan Vil New York pou ofri tretman pasyan ki entène nan sant sikuatrik pou moun ki gen pwoblèm sante mantal ki grav k ap fè fas ak sitiyasyon sanzabri. Premye inite a te etabli nan Manhattan Psychiatric Center nan novanm nan e kounye a, li ofri 20 kabann, ak yon lòt senk kabann ki pral vin an fonksyon nan semèn k ap vini yo, ak yon dezyèm inite ki gen 25 kabann yo prevwa k ap an fonksyon nenpòt moman nan ivè sa a.

Kòm yon pati nan inisyativ Polisye, Kamera, ak Swen an, Gouvènè Hochul te dirije etablisman yon pwogram tranzisyon 60 kabann pou moun ki bezwen swen siplemantè ant entène lopital ak lojman. Lè yo itilize 7.2 milyon nan finansman eta, yo pral etabli pwogram Tranzisyon Rezidansyèl Kominotè nan kat lokal nan Vil New York, epi yo chak gen ladan 15 inite lojman tranzisyonèl ki konekte ak sèvis mobil konplè, lòt sipò ki nesesè pou ede moun tranzisyone nan lavi kominotè ak lojman pèmanan ki gen siksè.

Eta ap fè fòmasyon pou fòs lòd yo ak premye sekouris yo sou pi bon pratik pou angaje moun ki gen maladi mantal grav yo k ap fè eksperyans ak sitiyasyon sanzabri. Fòmasyon sa a gen ladan konpetans fondamantal pou entèvansyon nan moman kriz ak pi bon pratik pou angaje popilasyon lari a ki gen maladi mantal.

Gouvènè Hochul te ogmante tou to frè pou sèvis Medicaid pou remete plis kabann sikuatrik pou pasyan ki entène an fonksyon. Eta New York te bay 27.5 milyon, ke gouvènman federal la prevwa egale pou yon total 55 milyon pou ogmante pouvantaj sa yo, ki retroaktif jiska 1e avril 2022.

Anplis de sa, Program Rambousman Prè Sante Mantal Kominotè 9 milyon dola eta a ap bay rambousman prè jiska 120,000 dola pou sikuat ak jiska 30,000 pou pratikan enfimyè sikuatrik yo sou yon peryòd twazan. Yo prevwa pwogram sa a pral sèvi apeprè 180 sikuat ak 180 pratikan enfimyè sikuatrik.

[Nan diskou sou Sitiyasyon Eta li a](#), Gouvènè Hochul te angaje I pou I ajoute 1,000 kabann sikuatrik pou pasyan ki entène, pou ranplase plis pase mwatye kabann ki te pèdi depi 2014. Kreye 3,500 nouvo inite lojman pou Nouyòkè ki gen maladi mantal. Ogmante sèvis sante mantal pou timoun ki gen laj pou ale lekòl. Amelyore egzijans planifikasyon admisyon ak egzeyat pou lopital yo epi kreye 50 nouvo Ekip Kowòdinasyon Swen pou Entèvansyon nan Moman Enpòtan pou bay sèvis konplè pou pasyan ki egzeyate yo.

Anplis de sa, Gouvènè Hochul pral avanse lejislasyon pou fèmen twou vid ki genyen nan kouvèti asirans lan pou sèvis sante konpòtmantal ak entèdi konpayi asirans yo refize sèvis sante mantal ki nesesè pou timoun ak granmoun. Envestisman ak inisyativ sa yo pral reyaji apwòch eta a anvè sante mantal ki vize transfòme tout pati nan kontinite swen sante mantal la - soti nan prevansyon pase nan tretman rive nan rekiperasyon.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418